

EPIZÒD : MIZIK

MO JODI A : CHANTE

REZIME EPIZÒD LA



Lili ak Tilou vle fè yon mizik pou akeyi kouzin yo, Ema, k ap vini lakay yo. Pou fè sa, yo rasanble enstriman mizik tankou tanbou, tchatcha ak graj.



Ilodi renmen mizik. Jodi a, li gen chans jwe mizik ak Boukman Eksperyans. Ti zanmi li yo vini tou. Yo fè repetisyon nan sal reptisyon an pou ka jwenn ton an, rit la epi pawòl yo. Aprè sa, yo pase nan estidyo a pou anrejistre mizik la.

POZE TIMOUN OU YO KESYON

1. Ki sa ki te pase nan Lakou Kajou jodi a ?
2. Ki sa ou te pi renmen ?
3. Ki non diferan enstriman mizik ou aprann jodi a ?
4. Ki enstriman mizik ou ta renmen konn jwe ? Pou ki sa ?

FÈ AKTIVITE AK TIMOUN OU YO

1. Silab nan mo ki kòmanse ak lèt "Ch"

Objektif : Timoun nan ap kapab idantifye silab nan 5 mo ki kòmanse ak "Ch".

Dire : 15 minit

Etap 1 : Mande yon timoun ekri lèt *Ch* sou tablo a.

Etap 2 : Mande timoun yo jwenn 5 mo ki kòmanse ak lèt *Ch*.

Etap 3 : Ekri mo yo sou tablo a.

Etap 4 : Mande timoun yo idantifye silab ki genyen nan chak mo sa yo.

Men kèk lide: Yo ka bat men yo pou konte son yo. Konsa tou, yo ka mete men yo nan machwa yo pou kontwole konbyen mouvman li fè lè y ap di mo a pou yo ka idantifye kantite silab la.

Men yon egzanp : *Chemiz*. 2 silab. (Mwen bat menm 2 fwa. Machwa m bouje 2 fwa lè mwen mete menm sou li.)

2. Enstriman mizik

Objektif : Timoun nan ap kapab idantifye son 3 enstriman mizik.

Materyèl : Fich 3 enstriman mizik (si posib)

Dire : 15 minit

Etap 1 : Mande timoun yo idantifye 3 enstriman mizik yo te aprann nan epizòd la.

Etap 2 : Montre yo imaj enstriman mizik sa yo.

Etap 3 : Mande yo imite son enstriman sa yo fè.

Etap 4 : Mande timoun yo fè son yo youn aprè lòt pou kreye yon rit pandan y ap souke kò yo, bat men yo.



3. Fabrike tchatcha

Dire : 15- 20 minit

Objektif : Timoun nan ap kapab fabrike yon tchatcha pou li jwe.

Etap 1 : Mande chak timoun pran yon boutèy plastik ak tout bouchon.

(Ou ka mande yo vin avè l pito lavèy)

Etap 2 : Envite timoun yo chache ti wòch pou mete andann boutèy la.

Etap 3 : Bay chak timoun yon fèy blanch.

Etap 4 : Mande yo fè desen yo renmen pou kole sou tchatcha yo a.

Etap 5 : Envite tout timoun jwi rezilta yo a nan souke tchatcha pou danse.



4. Chante ak Lakou Kajou

Objektif : Timoun nan ap kapab imite son enstriman mizik nan chante Lakou Kajou a.

Materyèl : Laptòp ak pwojektè (oubyen televizyon), segman videyomizik « Mizik »

Dire : 15 minit

Etap 1 : Pwojte segman videyo-mizik pou timoun yo.

Etap 2 : Mande timoun yo danse pandan y ap imite son chak enstriman mizik Joel site nan chante a.